



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Ngundha Layangan

Bermain Layang-Layang

Penulis:

Margareth Widhy Pratiwi

Ilustrator:

Thomas Amara Listu



B3



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Ngundha Layangan

Bermain Layang-Layang

Margareth Widhy Pratiwi

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

NGUNDHA LAYANGAN (BERMAIN LAYANG-LAYANG)

Penulis : Margareth Widhy Pratiwi
Ilustrator : Thomas Amara Listu
Penerjemah : Addin Permata Negara
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Doni Dwi Hartanto
2. Bahasa Indonesia: Wuri Rohayati
Penata letak : Thomas Amara Listu

Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati
2. Wuroidatil Hamro
3. Nindwihapsari
4. M. Haris Ardhani
5. Rino Edrianto

Penerbit

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN 978-623-388-747-2 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 12/14/20, Cloudy With a Chance of Love
20/30
ii, 22 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.

Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi





Galang marani adhiné nèng kamaré. “Dhik, ayo sida mèlu ora?” pambengoké.

Katon ing njero kamar kuwi, bocah lanang lagi nyekel *HP*. Dhèwèké turon lumah-lumah kanthi lambé mérot-mérot, mecucu kadhang ngguyangguyu. “Uwis, ayo mèlu dolan waé,” kandhané marang adhiné.

Galang menghampiri adiknya di kamar. “Dik, ayo, jadi ikut nggak?” serunya.

Terlihat di dalam kamar, seorang anak laki-laki sedang memegang ponsel. Ia sedang berbaring, bibirnya miring ke kanan-kiri, monyong, kadang tertawa. “Sudah, ayo ikut main saja,” tutur Galang pada adiknya.



“Kosik ta, Mas. Lagi seru iki!” Galih tetep ora uwal saka *HP*. Driji-drijiné iwut mèjèt-mèjèt papan *HP*. Babar pisan ora maèlu marang kakangné

Pranyata Galih lagi dolanan gim ing *HP* kagungané ibuné. Ibuné marengaké Galih dolanan *HP* suwéné rong jam sawisé maem awan. Mula saben rampung maem, dhèwèké gagé nyekel *HP*.

“Sebentar, lah, Mas! Lagi seru, nih!” Galih tidak beralih dari ponselnya. Jari-jarinya sibuk memencet tombol ponsel. Tidak sekali pun menggubris kakaknya.

Ternyata, Galih sedang bermain gim di ponsel milik ibunya. Ibu membolehkan Galih bermain ponsel selama dua jam setelah makan siang. Karenanya, setiap selesai makan, Galih buru-buru memegang ponsel.



“Laaaang! Sida ora?” Saka njaban omah keprungu pambengoké bocah lanang.

“Ayo, Lih!” Galang nyekel tangané adhiné setengah meksa. “Kaé Bayu uwis ngampiri. Jaré arep mèlu ngundha layangan?” kandhané.

“Laaang! Jadi nggak, nih?” Dari luar rumah, terdengar teriakan anak laki-laki.

“Ayo, Lih!” Galang memegang tangan adiknya, setengah memaksa. “Tuh, Bayu sudah datang. Katanya mau ikut main layang-layang?” ujarnya.



Kawit wingi mula Galang arep ngajak Galih ngundha layangan. Supaya adhiné kuwi ora mung ndhuwel nèng kamar waé. Dolanan nèng njaba, playon ngoyak layangan tatas njalari awak séhat.

Rada aras-arasen Galih menyat saka peturoné. Sinambi mlaku dhèwèké isih menthelengi layar *HP*, banjur mbalèkaké *HP* marang ibuné. “Dolan sik ya, Buk,” Galih pamitan banjur marani kakangné ing njaba.

Sudah sejak kemarin Galang ingin mengajak Galih bermain layang-layang. Itu supaya adiknya tidak mendekam di kamar terus. Bermain di luar, berlari-lari mengejar layang-layang putus, bisa membuat badan sehat.

Galih bangun dengan enggan. Sambil berjalan, ia masih memelototi layar ponsel, lalu mengembalikan ponsel ke ibunya. “Main dulu ya, Buk,” Galih berpamitan lalu menghampiri kakaknya di luar.


Sabanjuré bocah telu reruntungan padha menyang lapangan karo gojègan. Wingi layangané Bayu tatas, kalah karo layangané Mas Adi. Bolah gelasné Mas Adi mula wulet banget.


Ngulukaké layangan mula kudu nganggo bolah gelas. Tegesé bolah kang uwis diwènèhi bubukan, kang njalari bolah kuwi landhep. Samangsa kesangkut bolahé liyan, bisa njalari pedhot banjur layangané tatas.

Ketiganya lalu beriringan menuju lapangan sembari bercanda ria. Kemarin, layang-layang Bayu putus, kalah dengan layang-layang Mas Adi. Benang gelas Mas Adi kuat sekali.

Menerbangkan layang-layang harus menggunakan benang gelas. Benang gelas adalah benang yang dilapisi serbuk kaca sehingga benang menjadi tajam. Ketika tersangkut benang lawan, benang lawan akan putus sehingga layang-layangnya ikut putus.







Pranyata nèng lapangan wis akèh sing lagi padha ngundha layangan. Racaké layangan biasa waé, lumrahe uga ana sing diwènèhi buntut. Mung waé wernané ana sing abang biru, kuning abang, utawa jambon.

Bayu ngajak golèk papan sing jembar. Peneran anginé rada midid banter, njalari layangané Galang cepet mumbul. Meruhi layangané kakangné bisa mabur dhuwur, Galih bola-bali surak bungah.

Ternyata, di lapangan sudah banyak yang bermain layang-layang. Kebanyakan hanya layang-layang biasa, ada juga yang diberi ekor. Hanya saja warnanya ada yang merah biru, kuning merah, atau merah jambu.

Bayu mengajak mencari tempat yang luas. Kebetulan, angin berembus semilir agak kencang sehingga layang-layang Galang cepat naik. Melihat layang-layang kakaknya melayang tinggi tertiuip angin, Galih berkali-kali bersorak senang.





Galang mula prigel ngundha layangan. Nyiruk ngéndhani layangan liya kang diarahaké arep nyamber bolahé. Sakala, Galang kagèt nalika Galih mbengok amarga dicokot semut.

Dhèwèké dadi léna, ora weruh kahanan ndhuwur, bolah layangané kesamber bolah liya. The! sakala bolah layangané pedhot. Layangané kléyang-kléyang kabur katut angin.

Galang piawai bermain layang-layang. Ia menarik ulur layang-layangnya ketika ada layang-layang lain yang akan menyambar benangnya. Tiba-tiba, Galang terkejut ketika Galih menjerit karena digigit semut.

Ia lengah, tidak memperhatikan keadaan di atas, benang layang-layangnya tersambar layang-layang lain. Tes! Seketika benang layang-layang Galang putus. Layang-layangnya terbang terbawa angin.



“Piyé Mas?” Galih nangis antarané lara dicokot semut lan merga layangané tatas.

“Ayo diuyak!” Bayu mbengok ngajak ngoyak layangané kang tatas. Tanpa maèlu Galang lan Galih, dhèwèké uwis ndhisiki mlayu. Ditututi Galang lan Galih, kang keponthal-ponthal anggoné nututi playuné.

“Gimana, Mas?” Galih menangis karena digigit semut, juga karena layang-layangnya putus.

“Ayo dikejar!” Bayu berteriak, mengajak mengejar layang-layang yang putus. Tanpa menggubris Galang dan Galih, ia sudah duluan berlari. Disusul Galang dan Galih yang terbirit-birit membuntuti Bayu.



Layangan iku mabur adoh. Pungkasané temangsang ing carang uwit lamtoro sangarepé omah. Omah kang singup lan rungkud, akeh wit-witan lan kembang. Lawangé setengah menga, nanging sepi lan peteng.

Bocah telu mandheg mangu, wedi arep mlebu pekarangan kuwi. “Maaaas, aku wedi,” Galih gondhèlan klambiné kakangné. “Ayo bali, Mas,” panjaluké semu kewedèn.

Layang-layang itu melayang jauh. Akhirnya, tersangkut di ranting pohon lamtoro di depan sebuah rumah. Rumah itu kelihatan angker dan rimbun, banyak pohon dan bunga. Pintunya setengah terbuka, tetapi sepi dan gelap.

Ketiganya terhenti, ragu, takut memasuki pekarangan itu. “Maaas, aku takut.” Galih memegang baju kakaknya. “Ayo pulang, Mas,” pintanya, agak takut.



“Yu, iki omahé Mbah Jénggot ta?” Galang kandha bisik-bisik marang Bayu. Dhèwèké kerep dicritani bab omah sing dipanggoni Mbah Jénggot kuwi. Pawongan lanang anèh sing ora tau sawung tangga.

“La iya, iki omahé Mbah Jénggot,” Bayu semaur lirih. “Ngerti ta karo Mbah Jénggot? Ngendikané bapakku, wongé anèh, arang-arang metu saka ngomah. Rambuté dawa putih, jénggoté ya putih.”

“Yu, ini rumahnya Mbah Jenggot, kan?” Galang berbisik pada Bayu. Ia sering mendengar cerita tentang rumah yang ditinggali Mbah Jenggot. Sosok pria aneh yang tidak pernah bergaul dengan tetangga.

“Lha iya, ini rumahnya Mbah Jenggot,” Bayu berkata lirih. “Tahu kan Mbah Jenggot? Katanya bapakku, orangnya aneh, jarang keluar rumah. Rambutnya panjang dan putih, jenggotnya juga putih.”



“Mula kuwi, wis ayo mulih waé,” kandhané Galang karo nggandhèng adhiné. “Wis ayo mulih waé, mengko ndhak disenèni Mbah Jénggot. Awaké dhéwé mlebu nèng pekarangané uwong.”

“Awaké dhéwé rak mung arep njupuk layangan ta? Ora arep ngapa-ngapa.” Bayu wangsulan karo clingukan nyedhaki omah kang sepi kuwi. “Kula nuuuun...” Bayu mbengok karo nyedhaki lawang.

“Makanya, sudah deh, ayo pulang aja,” kata Galang sambil menggandeng adiknya. “Sudah, ayo pulang aja, bisa-bisa nanti dimarahin Mbah Jenggot. Kita ini masuk ke pekarangan orang.”

“Kita cuma mau ambil layang-layang, kan? Nggak ngapa-ngapain kok,” timpal Bayu. Ia celingukan mendekati rumah yang sepi itu. “Permisi...,” teriak Bayu sambil mendekat ke pintu.

“Woo, ora dikunci ki,” kandhané Bayu sinambi mbukak lawang alon-alon. Pranyata mula ora dikunci, saéngga Bayu saya amba anggoné mbukak. “Kula nuuuun...” Bayu mbalèni uluk salam.

“Yuuu!” Galang nyeluk Bayu kanthi lirih. “Kowé aja ngawur lo, Yu. Uwis ayo mulih... Sésuk waé mréné manèh.”

“Lhoo, nggak dikunci nih,” seru Bayu sambil membuka pintu pelan-pelan. Karena memang tidak dikunci, Bayu membuka pintu semakin lebar. “Permisiii...,” ulang Bayu mengucapkan salam.

“Yuuu!” Galang memanggil Bayu dengan suara lirih. “Kamu jangan ngawur lho, Yu. Sudah, ayo pulang... Besok saja kita ke sini lagi.”

Kandha ngono kuwi, nanging Galang mèlu ngetutaké jangkahé Bayu neng mburiné. Bocah telu kagèt weruh isining omah kuwi. Kagèt meruhi akèh banget layangan kanthi modhèl warna-warna ing kono.

“Wooo, kereeen... “Bayu semlengeren. Gumun meruhi sawernaning modhèl layangan gedhé-gedhé seméndhé ing tembok. Mripaté Bayu sumunar katon seneng banget.

Meskipun berkata seperti itu, Galang tetap mengikuti langkah Bayu. Ketiganya terkejut melihat isi rumah itu. Mereka terkejut karena mendapati ada banyak layang-layang dengan bentuk bermacam-macam di sana.

“Wow, kereeen...,” Bayu terkagum-kagum. Ia terpesona melihat berbagai bentuk layang-layang besar yang bersandar di tembok. Mata Bayu berbinar-binar, senang sekali.





Bocah telu kesenengen ndemoki layangan kanthi cakrik warna-werna. Lali marang layangané kang temangsang ing carang uwit lamtoro ngarep omah kuwi. Bareng kèlingan, bocah telu gagé arep lunga saka papan kuwi.

Kabeh njondhil kagèt, jebul ana sing ngadeg ing mburiné. Gandrik, bocah telu sanalika kewedèn banget, pranyata ana sing ngawasi saparipolahé. Mbah Jénggot uwis ngadeg nèng lawang tanpa disumurupi bocah telu kuwi.

Mereka senang sekali memegang layangan yang bermacam-macam. Lupa akan layang-layang yang tersangkut di ranting pohon lamtoro depan rumah itu. Begitu ingat, mereka buru-buru mau pergi dari rumah itu.

Mereka terloncat kaget, ternyata ada yang berdiri di belakang mereka Astaga! Seketika ketiganya ketakutan. Ternyata ada yang mengawasi tingkah mereka. Mbah Jenggot sudah berdiri di pintu tanpa disadari ketiganya.





“Ngapunten, Mbaaah...” Bayu gemeter, tangané ngoplok. “Kula... kula, layangan kula temangsang ten mrika.” Bayu ndhungkluk, tangané nuding njaba. Dhèwèké nglirik Galang lan adhiné kang uga kewedèn.

Mbah Jénggot ngguyu meruhi bocah telu kuwi katon kewedèn. “Wis rasah wedi, ora papa,” ujaré Mbah Jénggot. “Layanganmu sing tatas rasah dijupuk, mengko takajari gawé sing luwih apik.”

“Maaf, Mbaaah....” Bayu gemetar. “Saya... saya, layang-layang saya tersangkut di sana.” Bayu menunduk, tangannya menunjuk ke luar. Ia melirik Galang dan adiknya yang juga ketakutan.

Mbah Jenggot tertawa melihat ketiga anak itu terlihat ketakutan. “Sudah, tidak usah takut,” kata Mbah Jenggot. “Layang-layangmu yang putus nggak usah diambil, nanti kuajari membuat yang lebih bagus.”



Pranyata Mbah Jénggot kuwi ora medèni. Rambuté sing putih gondrong kuwi sing njalari diparabi Mbah Jénggot. Asmané Mas Slamet, mahasiswa seni kang ngekos ing omah kuwi.

Bocah telu seneng banget diajari gawé layangan sing apik modhelé. Mbah Jénggot anggoné gawé layangan bakalé kanggo *festival*. “Horé...!” bocah telu surak bungah nalika Mbah Jénggot ngajak mèlu *festival*.

Ternyata Mbah Jénggot itu tidak menyeramkan. Rambutnya yang putih panjang itulah yang membuat ia dijuluki Mbah Jénggot. Namanya Mas Slamet, mahasiswa seni yang kos di rumah itu.

Ketiga anak itu senang sekali diajari membuat layang-layang yang bagus bentuknya. Mbah Jénggot membuat layang-layang yang akan digunakan untuk festival. “Hore...!” sorak ketiganya senang sekali ketika Mbah Jénggot mengajak mereka ikut festival.



Glosarium

prigel : terampil

racaké: pada umumnya

tatas : putus sama sekali

BIONARASI




Penulis

Margareth Widhy Pratiwi, kelahiran Yogyakarta 27 Desember 1961. Penulis dwi bahasa, Indonesia dan Jawa. Telah memenangkan berbagai lomba penulisan: novel, cerpen, cernak, naskah sandiwara bahasa Jawa, naskah ketoprak, dsb. Beberapa bukunya yang telah terbit: *Kembang Alang-Alang*, *Kinanti*, *Ngoyak Ombak Segara Kidul*, *Tabon*, *Lagon Lelakon*, *Impene Larasati*, dan beberapa karya bersama. Aktif dalam berbagai komunitas sanggar sastra Jawa, juga sebagai fasilitator sekolah Sanggar Anak Alam (Salam) Yogyakarta. Kini tinggal di Nitiprayan, Bantul, Daerah Istimewa Yogyakarta.



Penyunting Bahasa Jawa

Doni Dwi Hartanto. Dosen Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa, Seni, dan Budaya, Universitas Negeri Yogyakarta. Aktif sebagai peneliti manuskrip dan linguistik Jawa, serta narasumber seminar, lokakarya bahasa, sastra, dan aksara Jawa. Aktif menulis buku dan artikel jurnal ilmiah, serta menjadi editor dan penerjemah aktif di jurnal nasional.



Penyunting Bahasa Indonesia

Wuri Rohayati lahir di Klaten, 29 Juni 1985. Saat ini, ia bertugas sebagai koordinator Kelompok Kepakaran dan Layanan Profesional (KKLP) Penerjemahan Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Tugas utamanya adalah mengerjakan koordinasi pelaksanaan kegiatan penerjemahan cerita anak berbahasa Jawa ke bahasa Indonesia. Keterlibatannya dalam penyusunan aplikasi Membaca Digital—sebuah modul *assessment for learning* literasi membaca—pada 2020 mengawali kedekatannya pada dunia penulisan teks sastra untuk anak. Ia dapat dihubungi melalui posel wurirocca@gmail.com atau akun instagram @wuri_atmojo.



Ilustrator

Thomas Amara Listu lahir di Klaten, 14 September 1999. Ia merupakan lulusan jurusan Desain Interior, Institut Seni Indonesia Yogyakarta. Ia memiliki hobi apa pun yang berhubungan dengan seni rupa digital, seperti ilustrasi, komik, animasi, 3D, dan gim.



Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>



MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Bayu, Galang, lan Galih kuwi ngundha layangan ing lapangan, ditandhingaké karo layangan liyané. Ndilalah layangané kuwi tatas lan kabur, banjur dioyak. Layangan kuwi temangsang ing carang uwit lamtara, kang ana ing pekarangan sawijining omah. Sing mapan ing omah kono kondhang aneh lan medéni, jenengé Mbah Jénggot. Bocah telu nékad mlebu ing pekarangan omah kuwi. Méndah kagèté nalika kepethuk Mbah Jénggot, bocah telu ngoplok lan kewedèn.

Apa sing bakal ditemoni ing omahe Mbah Jénggot iku? Sapa sejatiné Mbah Jénggot? Kanthi maca buku crita iki kowé bakal ngertèni sakabèhé.

Bayu, Galang, dan Galih bermain layang-layang di lapangan, bertanding dengan layang-layang lainnya. Tak disangka, layang-layang itu putus dan melayang tertiuip angin, lalu dikejar. Layang-layang itu tersangkut di ranting pohon lamtoro yang ada di pekarangan salah satu rumah. Yang menunggu rumah itu terkenal aneh dan menyeramkan. Namanya Mbah Jenggot. Ketiganya nekat masuk ke pekarangan rumah itu. Alangkah terkejut mereka ketika bertemu Mbah Jenggot. Mereka gemetar dan ketakutan.

Apa yang akan terjadi di rumah Mbah Jenggot? Siapa sebenarnya Mbah Jenggot? Kamu tidak akan tahu kalau tidak membaca cerita ini.

